

*Piblikasyon sa a gen enfòmasyon apati 10 novanm 2020.
Tanpri ale sou nyc.gov/workers tou.*

Fason pou Retounen nan Travay Pandan COVID-19 la: Enfòmasyon ki Enpòtan pou Travayè Domestik yo ak Patwon yo

Travay nan kay la inik: espas travay la se yon kay prive. Travayè domestik yo gen ladan nounou, moun k ap netwaye kay, menajè, moun k ap bay swen lakay ak moun ki fè gadri anndan lakay yo.¹ Objektif piblikasyon sa a se bay enfòmasyon ki enpòtan sou sante ak sekirite pou travayè domestik yo ak patwon yo pandan pandemi COVID-19 la. Men sa seksyon yo gen ladan:

- I. Pi Bon Pratik yo Rekòmande pou Travayè Domestik yo
- II. Lis Verifikasyon ak Resous pou Patwon yo
- III. Lòt Resous pou Travayè Domestik yo

Rekòmandasyon Eta New York pou sante ak sekirite, ki pwoteje biznis ak travay domestik, disponib sou forward.ny.gov.

Sa ki pral fasilite travayè ak patwon yo rete sennesòf epi redui risk pou yo transmèt viris la nan yon kay prive se bonjan kominikasyon ki makonnen ak bonjan tèt ansanm.

SONJE 4 AKSYON KLE YO POU ANPECHE TRANSMISYON COVID-19 LA:

1. **Rete lakay ou si w malad:** Rete lakay ou si w malad, sof si w ap kite lakay ou pou al chèche swen medikal ki esansyèl (tankou [fè tès](#)) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl.
2. **Distans fizik:** Rete nan yon distans omwen 6 pye (2 mètr) ak lòt moun yo.
3. **Mete yon bagay pou kouvri figi:** Pwoteje moun ki sou kote w. Ou kapab kontamine moun san w pa gen sentòm epi simaye maladi a lè w touse, estène, oswa pale. Yon bagay pou kouvri figi ka ede w redui pwopagasyon COVID-19 la.
4. **Byen lave men ou:** Lave men ou souvan ak dlo ak savon oswa itilize dezenfektan pou men si pa gen savon ak dlo; netwaye sifas moun manyen souvan yo regilyèman; evite manyen figi w ak men ou san lave; epi kouvri figi w ak manch rad ou lè w ap touse oswa estène, se pa ak men w.

Li [Sa Rezidan New York yo Dwe Konnen Kounye a Sou COVID-19](#), ki disponib sou sitwèb Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la ki se nyc.gov/health. Klike sou COVID.

¹ Travay domestik la gen ladan li plizyè kalite travay. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York te pibliye dènyeman [Gid COVID-19 pou Travayè Swen Sante Lakay yo ak Travayè Swen Sante Kominotè yo](#) (ki gen ladan li èd pou moun ki malad ak moun aje yo) ki disponib sou nyc.gov/health. Klike sou COVID.

I. Pi Bon Pratik yo Rekòmande pou Travayè Domestik yo

1. Chita pale pou devlope yon Plan Sekirite avèk patwon w lan epi suiv plan an.
2. Prepare pou si w ekspoze ak COVID-19 la.
3. Konnen dwa ou genyen konsènan konje yo peye ak/oswa konje pou pwoteksyon si w ekspoze.
4. Pale regilyèman epi aklè avèk patwon w lan sou pwoblèm sante ak pwoblèm sekirite, epi sou efikasite Plan Sekirite a pou rezoud pwoblèm yo.

Pi Bon Pratik Nimewo 1: Chita pale pou devlope yon Plan Sekirite avèk patwon w lan epi suiv plan an.

Pale ak patwon w lan sou sa nou toude pral fè pou n pwoteje tèt nou kont COVID-19 la, epi mete atant ak pratik nou aksepte yo alekri. Plan Sekirite nou devlope a pral ede oumenm ak patwon w lan piske nou ka gen nan kay nou moun aje oswa moun ki gen pwoblèm sante ki gen plis risk pou yo gen maladi COVID-19 grav,² moun k ap deplase pou al travay, ak lòt pwoblèm ki ka genyen yo.

Plan Sekirite a ta dwe abòde omwen:

Depistaj Sante	<ul style="list-style-type: none">• Idantifye kimoun ki pral fè depistaj sante, ki moun ki ta dwe fè tès COVID-19 la³ epi ki lè, ak ki fason ou pral suiv enfòmasyon yo.• Yo ta dwe fè depistaj yo nan chak kòmansman jounen travay. Oumenm, patwon w lan, ak moun ki nan kay patwon w lan yo ta dwe fè depistaj sante. <i>Sonje se pa tout moun ki gen COVID-19 la ki pral prezante sentòm. Kidonk, li enpòtan pou poze moun lan kesyon non sèlman sou sentòm ou kapab wè yo tankou lafyèv oswa tous men tou pou mande si li petèt te gen kontak avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19 la epi/oswa ki fenk soti nan yon Eta oswa peyi ki sou lis karantèn Eta New York la.⁴</i>• Gen yon Echantiyon Zouti Depistaj COVID-19 ki disponib sou nyc.gov/health. Klike sou COVID.
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none">• Patwon w lan ta dwe ba w Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)—pa egzanp, mask pou figi—gratis epi li ta dwe gen kantite ki sifizan yon fason pou pa janm manke ekipman pwoteksyon pèsonèl lè w ap travay nan kay la.• Idantifye tout ekipman pwoteksyon pèsonèl ki obligatwa yo, sa gen ladan, kimoun ki dwe mete yo epi ki lè, epi si nenpòt moun k ap antre nan kay la dwe chanje rad oswa mete yon lòt rad sou rad la.• Asire nenpòt moun ki nan kay la mete yon bagay pou kouvri figi li otank posib, epi sitou lè li pa posib pou li kenbe distans omwen 6 pye (2 mè) a ak lòt moun yo.⁵
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none">• Mete pwotokòl netwayaj yo an plas, ki gen ladan fason pou yo netwaye souvan kote ki gen anpil ale vini nan kay la—pa egzanp, kizin lan, twalèt yo—ak sifas moun manyen souvan yo tankou manch pòt yo, manch wobinèt yo, ranp yo, ak kontwa yo.
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none">• Di ki moun ki dwe rete nan yon distans nan kay la. Mete limit sou moun k ap antre nan kay la ki pa moun kay la. Epi, jwenn mwayen pou kenbe moun yo separe epi kenbe yo nan yon distans sekirite anndan kay la.• Planifye aktivite ki san danje pou timoun yo, tankou pase plis moman deyò, epi detèmine ki lè timoun yo dwe mete yon bagay pou kouvri figi yo, avèk ki moun yo ka an kontak, epi ki lè kontak sa yo ka fèt.

² Pou jwenn plis enfòmasyon sou [COVID-19 la ak moun ki gen sistèm iminitè afebli yo](#), ale sou [nyc.gov/health](#). Klike sou COVID, epi “Prevansyon ak Gwoup ki gen Pi Gwo Risk yo.”

³ Enfòmasyon sou tès COVID-19 gratis disponib sou [nyc.gov/covidtest](#)

⁴ Avi pou Vwayajè Eta New York pandan COVID-19 la, ki gen ladan yon lis eta ki gen restriksyon yo, disponib sou <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>

⁵ Li [Bagay pou Kouvri Figi pandan COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan](#) sou [nyc.gov/health](#). Klike sou COVID.

Konsèy ak Resous yo

Men kèk konsèy:

- Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl yo kapab gen ladan yo plis pase yon bagay pou kouvri figi. *Pa egzanp, si patwon w lan mande w chanje rad sou ou pou mete yon blouz pwòp ak yon gan an latèks lè w ap antre nan kay la chak jou, patwon w lan dwe ba w bagay pou kouvri figi ou gratis epi li ta dwe ba w plis Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl gratis.*
- Oumenm ak patwon w lan ka oblije fè yon chita pale sou deplasman ou pou diminye kontak ou ak transpò piblik oswa zòn ki gen anpil sikilasyon yo. *Pa egzanp, patwon w lan ka vle pou itilize sèvis machin prive / sèvis kovwatiraj pou deplasman ou, nan ka sa a ou ta dwe pale sou aranjman vwayaj ak/oswa ranbousman si w peye pou kous yo.*⁶
- *Si w fè netwayaj nan kad travay ou:*
 - Si sa posib, netwaye kay la lè patwon w lan pa la pou diminye risk pou chak moun.
 - Suiv rekòmandasyon sekirite Administrasyon Federal pou Sekirite ak Sante nan Travay la.⁷

Resous yo:

Òganizasyon sa yo bay modèl Plan Sekirite yo:

Alyans Nasyonal Travayè Domestik (National Domestic Workers Alliance, NDWA):

<https://membership.domesticworkers.org/coronavirus/work-safely/return-to-work-safely/>

Hand in Hand (Men nan Men):

<https://domesticemployers.org/support-during-the-coronavirus-pandemic/>

Depatman Sante Eta New York:

https://www.governor.ny.gov/sites/governor.ny.gov/files/atoms/files/NYS_BusinessReopeningSafetyPlanTemplate.pdf

(Anglè)

<https://www.governor.ny.gov/sites/governor.ny.gov/files/atoms/files/NYSBusinessReopeningSafetyPlanTemplateSpanish.pdf>

(Panyòl)

Pi Bon Pratik Nimewo 2: Prepare pou si w ekspoze ak COVID-19 la.

Pale regilyèman avèk doktè w sou fason pou jere izòlman oswa karantèn lan si:

- Oumenm oswa yon moun ki nan kay patwon w lan teste pozitif pou COVID-19 la oswa gen sentòm COVID-19 yo.
- Oumenm oswa yon moun ki nan kay patwon w lan antre an kontak avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki fenk soti nan yon eta oswa yon peyi kote to COVID-19 la ogmante.

Asire w gen yon plan aksyon apre w fin ekspoze epi ou pale sou opsyon konje ou genyen yo avèk patwon w lan (peye epi san peye).

Enpòtan: Diskriminasyon ak Vanjans pa Legal.

Patwon w lan pa kapab revoke ou, voye w lakay ou, ni di w pa vin travay poutèt ras ou, peyi orijin ou, oswa andikap ou. Se yon pratik diskriminasyon ki pa legal pou revoke yon anplwaye oswa anpeche yon anplwaye travay poutèt ou panse ras li, peyi kote li soti a oswa andikap li endike li posib pou li ekspoze ak kowonaviris la. Gade III. Lòt Resous pou Travayè Domestik yo pou wè lyen ki mennen nan ajans dwa moun Eta New York ak Vil New York yo.

Si yon moun nan kay patwon w lan ekspoze, patwon w lan ta dwe:

- enfòmè ou grasa enfòmasyon pou pran kontak ki fyab;
- di ou konbyen tan moun ki afekte a dwe izole oswa mete tèt li an karantèn;
- di ou konbyen tan ou kapab atann ou pa p vin travay; epi
- di ou fason li pral peye ou—pa egzanp, avèk yon pati nan salè w—pandan peryòd tan ou pa p vin travay la.

⁶ Li [Fason pou Deplase San Danje Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#) ki disponib sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health). Klike sou COVID.

⁷ [Dwa Travayè yo selon OSHA](#) (English) ak [Dwa Travayè yo selon OSHA](#) (Panyòl) disponib sou [osha.gov](https://www.osha.gov)

Si ou ekspoze:

- fè patwon w lan konnen sa;
- itilize konje maladi w la pou fè tès oswa resevwa laswenyay.

PWOGRAM OTÈL COVID-19

Si w se yon nounou lakay, ou ka kalifye pou izole nan yon otèl gratis si oumenm oswa yon moun nan kay patwon w lan gen COVID-19 la oswa te ekspoze ak li.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ale sou nyc.gov/covid19hotel
- Rele nan 844-NYC-4NYC (844-692-4692) ant 9è a.m. ak 9è p.m. Pou pale ak yon moun sou pwogram otèl la, peze 0, epi peze 1.

TÈS COVID-19 AK SWEN SANTE

NYC Health + Hospitals fè tès epi bay swen sante kèlkeswa sitiyasyon moun lan ak imigrasyon ak kapasite li pou peye.

Si ou teste pozitif pou COVID-19, ou pral resevwa enstriksyon sou pwochen etap yo, ki gen ladan izòlman, ki soti nan **NYC Test + Trace Corps**. Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ale sou <https://www.nychealthandhospitals.org/test-and-trace/resources/> oswa
- Rele nan (844) 692-4692.

Pi Bon Pratik Nimewo 3: Konnen dwa ou genyen konsènan konje yo peye ak/oswa konje pou pwoteksyon si w ekspoze.

Antanke yon travayè domestik, ou ka elijib pou itilize konje maladi yo peye selon lwa Vil, lwa eta, oswa lwa federal yo:

- Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye Vil New York
- Ljans sou COVID-19 Konsènan Konje Maladi Peye Nan Eta New York
- Lwa Federal Sou Entèvansyon Kont Kowonaviris 'Fanmi Anvan' (Federal Families First Coronavirus Response Act, FFCRA) Konje pou Maladi Peye pandan COVID-19 la

Gade paj ki vini annapre a pou gen yon apèsi sou lwa Vil, lwa eta, ak lwa federal ki gen pou wè ak COVID-19.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent konsènan konje maladi peye, rele Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè nan (212) 436-0380.

Remak: Ou kapab negosye tou avèk patwon w lan pou jwenn plis konje, kit li peye kit li pa peye.

Pi Bon Pratik Nimewo 4: Pale regilyèman epi aklè avèk patwon w lan sou pwoblèm sante ak pwoblèm sekirite, epi sou efikasite Plan Sekirite a pou rezoud pwoblèm yo.

Pandemi COVID-19 la chanje fason moun fè travay yo. Kondisyon travay ou yo, ki gen ladan nouvo kondisyon ki nan Plan Sekirite a, pral mande adaptasyon. Se sa k fè li enpòtan anpil pou kominike souvan epi pou onèt avèk patwon w lan. Pran angajman pou n travay ansanm pou n garanti sekirite ak lapè nan tèt pou tout moun, epi fè verifikasyon regilye yon fason pou n kapab pale sou nenpòt chanjman ki nesèsè oswa pwoblèm k ap vini. Yon kontra travay ta dwe gen ladan li dwa yo eksplike nan [Deklarasyon Dwa Travayè Domestik yo](#).

Si w pa gen yon kontra travay deja, yon bon mwayen pou w tanmen yon chita pale avèk patwon w lan se nan kolabore sou yon kontra alekri ki gen ladan responsabilite travay ou yo ak dwa w genyen yo.

Ou kapab jwenn yon [modèl](#) sou sitwèb Hand in Hand lan [domesticemployers.org](https://www.domesticemployers.org).

Lwa	Rezon ki Valab pou Itilize Konje Maladi Peye	Montan Konje Maladi Peye ak To Salè
<p>Vil New York Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye⁸</p>	<ul style="list-style-type: none"> Dyagnostik, swen, oswa tretman yon maladi, blesi oswa pwoblèm sante oswa pou ba ou oswa yon fanmi swen medikal pou fè prevansyon Lè yon fonksyonè fèmen lekòl oswa gadri pitit ou a akoz yon ijans sante piblik <p><i>Lwa vil la se pi gwo lwa nan twa (3) lwa konje pou maladi peye.</i></p>	<p>Apati 30 septanm 2020:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ou akimile konje pou maladi peye nan yon to minimòm ki se 1 èdtan pou chak 30 èdtan travay. Ou kapab itilize konje pou maladi peye pandan w ap akimile li, jiska yon maksimòm 40 èdtan chak ane sivil.* Yo ap peye ou to orè regilye w la men ki pa pi piti pase salè minimòm aktyèl la. <p><i>*Apati 1ye janvyè 2021, si patwon w lan gen 100 anplwaye oswa plis, ou kapab genyen jiska 56 èdtan konje pou maladi peye chak ane sivil.</i></p>
<p>Ijans sou COVID-19 Konsènan Konje Maladi Yo Peye Nan Eta New York⁹</p>	<ul style="list-style-type: none"> Karantèn oswa izòlman gouvènman an òdone (òdonans pou izòlman obligatwa oswa pou pran prekosyon)¹⁰ <p><i>Lwa eta a pa garanti konje pou pran swen fanmi ki nan karantèn oswa izòlman gouvènman an òdone.</i></p>	<ul style="list-style-type: none"> Ou kapab itilize konje pou maladi yo pa peye a pandan tout karantèn oswa izòlman an; ou ka elijib pou Konje Fanmi Peye oswa avantaj pou andikap atravè kontra asirans patwon w lan. Ou ap gen pwoteksyon travay pandan tout karantèn lan. <p><i>Montan ak To a depannde gwochè ak/oswa revni patwon an. Enfòmasyon pi wo yo se yon sipozisyon pou 10 anplwaye oswa mwens.</i></p>
<p>Lwa Federal Sou Entèkansyon Kont Kowonaviris Fanmi Anvan (Federal Families First Coronavirus Response Act, FFCRA) Konje pou Maladi Peye pandan COVID-19¹¹</p> <p><i>Remak: Kèk ti patwon ka pa nan pwoteksyon an.</i></p> <p><i>(efektif 2 avril 2020 – 31 desanm 2020)</i></p>	<ul style="list-style-type: none"> Karantèn oswa izòlman obligatwa Doktè rekòmande pou mete tèt ou an karantèn Dyagnostik medikal akoz sentòm COVID-19 yo Pran swen yon fanmi ki nan karantèn obligatwa oswa karantèn doktè rekòmande Pran swen yon timoun akoz lekòl oswa gadri ki fèmen, ki gen ladan jou lekòl yon timoun fèmen pou ansèyman a distans, oswa paske moun k ap bay sèvis gadri a pa disponib akoz COVID-19 la Nenpòt lòt sityasyon ki sanble jan ajans federal ki konpetan yo presize sa. 	<ul style="list-style-type: none"> Ou kapab itilize jiska de (2) semèn (80 èdtan) konje. Yo ap peye w to salè regilye w la rive jiska \$511 dola pa jou epi \$5,110 dola antou. Ou kapab itilize jiska de (2) semèn (80 èdtan) konje. Yo ap peye w detyè (2/3) nan to salè regilye w la rive jiska \$200 dola pa jou epi \$2,000 dola antou. Si w ap pran swen yon timoun (gade pwen 2 a, ki agòch), ou elijib pou maksimòm 10 semèn anplis a detyè (2/3) to salè. <p><i>Montan konje a depannde si w a tan plen oswa a tan pasyèl. Enfòmasyon pi wo yo se yon sipozisyon pou si w travay a tan plen.</i></p>

⁸ Amandman nan Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi Peye Vil New York ki pèmèt travayè domestik yo akimile epi itilize jiska 40 èdtan konje maladi peye (oswa jiska 56 èdtan nan kèk ka) te antre an vigè 30 septanm 2020. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/workers

⁹ Pou jwenn plis enfòmasyon sou Ijans sou COVID-19 Konsènan Konje Maladi Yo Peye Nan Eta New York, ale sou ny.gov/COVIDpaid sickleave. Ou kapab jwenn feyè enfòmasyon pou anplwaye yo nan plizyè lang, tankou [Anglè](#) ak [Panyòl](#).

¹⁰ Pou jwenn dokiman sou konje pou maladi peye pandan COVID-19 pou patwon w lan (òdonans pou izòlman, karantèn obligatwa), rele nan (855) 491-2667.

¹¹ Pou jwenn plis enfòmasyon sou FFCRA, ale sou dol.gov/agencies/whd/pandemic. Ou kapab jwenn feyè enfòmasyon pou anplwaye ki ann [Anglè](#) ak [Panyòl](#).

II. Lis Verifikasyon ak Resous pou Patwon yo

Lis Verifikasyon pou yon Espas Travay ki Pwòp epi San Danje		
Antanke patwon yon travayè domestik, èske:		
Kominikasyon		
1	Ou te kreye yon amostfè kote moun ka kominike kareman epi nan respè?	<input type="checkbox"/> Wi
2	Ou te mete tèt ansanm avèk travayè a pou n fè yon Plan Sekirite?	<input type="checkbox"/> Wi
3	Ou te prevwa fè verifikasyon regilye pou pale sou kondisyon travay yo?	<input type="checkbox"/> Wi
4	Ou te mete kontra alekri a ajou avèk travayè a pou reflekte chanjman ki fèt yo akòz COVID-19 la?	<input type="checkbox"/> Wi
5	Ou te pale sou prekosyon oumenm ak travayè a pral pran pou n redui posiblite transmisyon an lè l ap travay ak lè li pa p travay?	<input type="checkbox"/> Wi
6	Ou te devlope yon plan aksyon avèk travayè a si oumenm, yon moun ki nan kay ou, oswa travayè a ekspoze ak COVID-19 la?	<input type="checkbox"/> Wi
7	Ou te pran angajman pou fè aranjman ki rezonab si travayè a mande pou li adapte kondisyon travay yo akòz COVID-19 la; pa egzanp, pa mete bagay pou kouvri figi a pandan yon ti moman oswa espase orè yo pou li ka nan kay la nan lè ki diferan ak lòt moun k ap travay nan kay yo?	<input type="checkbox"/> Wi
Lwa Konje pou Maladi yo Peye		
8	Ou te chèche enfòmasyon sou kalite konje maladi yo ka egzije w bay travayè a? ¹²	<input type="checkbox"/> Wi
Ekipman Pwoteksyon		
9	Ou te achte ekipman pwoteksyon pèsònèl anplis, ki gen ladan bagay pou kouvri figi ak nenpòt lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl ki nesèsè oswa yo mande?	<input type="checkbox"/> Wi
10	Ou te bay travayè a konsèy ki klè ak fòmasyon sou nenpòt mezi sekirite ki obligatwa?	<input type="checkbox"/> Wi
Distans Fizik		
11	Ou te pase moun nan kay yo lòd pou yo pran distans fizik, nan mezi sa posib, lè travayè a nan kay la?	<input type="checkbox"/> Wi
12	Ou te planifye pou limite vizitè k ap antre nan kay la?	<input type="checkbox"/> Wi
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon		
13	Ou te egzekite plan w genyen yo pou rann kay la pwòp epi an sekirite otank posib?	<input type="checkbox"/> Wi
14	Ou te rann materyèl netwayaj anplis disponib pou dezenfekte sifas moun manyen souvan yo?	<input type="checkbox"/> Wi

Resous yo:

- **Alyans Nasyonal Travayè Domestik:** Ale sou domesticworkers.org pou jwenn enfòmasyon sou dwa travayè domestik yo ak resous yo.
- **Hand in Hand (Men nan Men): Rezo Patwon Travay Domestik yo.** Ale sou domesticemployers.org pou jwenn enfòmasyon sou pratik travay ak konsèy pou kreye yon anviwònman travay ki efikas epi ki pwòp nan kay la.
- **Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP):** Ale sou nyc.gov/workers pou jwenn Mizajou sou Lwa sou Espas Travay Pandan COVID-19 la.
- **Sèvis pou Ti Biznis nan Vil New York (Small Business Services, SBS):** Ale sou nyc.gov/sbs pou NYC Means Business (enfòmasyon sou fason pou relouvri).
- **Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA):** Ale sou osha.gov pou jwenn Konsèy sou Fason pou Prepare Espas Travay yo pou COVID-19.
- **Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL):** Ale sou labor.ny.gov pou jwenn [Enfòmasyon pou Patwon](#) Travayè Domestik yo ak [Deklarasyon Dwa Travayè Domestik yo](#).

¹² Li Mizajou konsènan Lwa sou Espas Travay Pandan COVID-19 ki disponib sou nyc.gov/workers. Li gen ladan l enfòmasyon sou konje pou maladi yo peye ki disponib selon lwa lokal, lwa eta, ak lwa federal.

III. Lòt Resous pou Travayè Domestik yo

- **Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL):** Ale sou labor.ny.gov pou jwenn enfòmasyon oswa depoze yon plent konsènan apwrentman, salè, oswa mezi sante ak sekirite ki pa apwopriye.
- **Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP):**
 - Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) ki nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a nan (212) 436-0380 oswa ale sou nyc.gov/workers pou jwenn enfòmasyon oswa pou depoze yon plent konsènan konje pou sekirite ak maladi yo peye nan Vil New York.
 - Rele Defansè Swen Peye ki nan Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay la nan (646) 330-8886 pou konnen dwa w antanke yon travayè domestik epi pou li voye w bay òganizasyon k ap bay sèvis jiridik gratis yo.
- **Komisyon Vil New York sou Dwa Moun:** Rele nan (212) 306-7450 oswa ale sou nyc.gov/humanrights pou konnen dwa w genyen konsènan diskriminasyon ak aranjman rezonab selon lwa Vil la.
- **Divizyon Dwa Moun Eta New York:** Rele nan (888) 392-3644 oswa ale sou dhr.ny.gov pou konnen dwa w konsènan diskriminasyon ak aranjman rezonab selon lwa Vil la.

Konsènan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè

Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) ki nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a se prensipal resous pou travayè yo nan Vil New York. OLPS pwoteje ak ankouraje nòm ak politik nan travay ki kreye espas travay ki jis pou pèmèt tout travayè egzèsè dwa yo, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Divizyon Swen Peye Lakay ki nan Biwo Pou Regleman ak Estanda Travay pran angajman pou li defann dwa travayè k ap bay swen lakay pou kòb yo, amelyore kalite travay swen lakay pou kòb, epi ranfòse sistèm swen peye a, epi nan sansibilize ak edike piblik la.